Tschetschenisch



# Дайшка а наношка хаам. Корона светафоран раж Лахарчу Австрехь!





Лараме дай а наной!

Т1ейог1учу берийн бешан ханна шиъ ойла кхоллаелла тхан: Тхуна лаьа шуна ашун берашна махуьлла хийцамаш а боцуш хьалха санна берийн бешахь хьал хуьлийла, иштта вайн мехкан лаккхарчу Унахц1анонна урхаллас бинчу сацаман т1е а тоьвжина берийн а баккхийчеран а могшалла лар а ян.

Цундела вайн махкара берийн бошмашна, Дешаран а, !илман а Талламан а урхаллойн белхалоша кечйина т1еаьцна“ Корона светафор“ боху программа ю. И бохург ду берийн бешахь унахц1анонан болх шун 1ачу меттехь х1оьттийначу хьоле хьаьжжина (кхерам лахар, йа лакхар), д1абахьа беза.

Ковид лазарех лаьцна денна хийцалучухьолах лаьцна шуьга хаам бийр бу берийн бешан белхалоша масалл: кехат яздина пенах д1атоьхна, компьютерчухул, дай а наной берий беш ха-амийн аг1онт1ехь „ Kid Fox“ йа дай а наной гулламхула.

Кхун тептарчохь а карор бу шуна берийн бешахь оьшуш болу хаам Корна светафорех лаьцна. Шун кхин берийн бешар хилла хаам бацахь т1едог1у берийн бешан керла шо д1адолор ду аша Сенябар баттахь светафоран баьццарачу басца.

Аса декъала до бераш т1едог1учу керла дешаран шарца, са-мукъане цхьана ловзаршца а 1аморехь кхиамаш хуьлийла шу!



Johanna Mikl-Leitner
мехкагубернатор



Christiane Teschl-Hofmeister
Мехкасоветник

## Светафоро баьццара бос гойту, Берийн беш ша хила езачу рожехь Болх беш ю, унанц1анонна хьашташ кхочуш а деш.

**Х1ун бохург ду иза, Берийн беша бер схьадалош я д1адуьгуш?**

- Дай а наной я берах жоп луш болу геаргара нах бера схьадало я ц1адига а йиш йолуш бу.
- Шайн ницкъ мел кхочу кхечу нахана пе тоха юккъехь шорта меттиг йита хьовса, нах дуккха а гуллалучу меттиган генахь хила, берийн бешан сеничохь а дуккха а ца гуллуш д1абахьа сихо ян еза.
- Баккхийчара: шаьш берийн беша чу бог1учу хенахь куьйгаш дезинфицировать дан деза.
- Бераш: шаьш ловзучу чу кхачале куьйгаш дила деза.

**Муьлхачу ловзар а 1аморан чохь хир ду сан бер?**

- Берашна шайна къастийна чоьнаш хир ю, уьш гуттара а кхечу берех д1акъастийна хир ду.
- Берийн тобанаш цхьана кхета а тарло.

**Муха хир дуб ер берийн бешахь д1адолар?**

- Бер далош веънарг, бераца берийн беша чу ван а мегар ду цу бераца 1ан а мегар ду.
- Бер далош веънарг 1ан мегар ду, нагахь санна берийн бешан белхалоша шена бакъо еллехь.

Берийн беш ша хила езачу ро-жехь, унахц1анонна хьаштвш кхочуш а деш.

**Кхин болу унахц1анонна белхаш бан безий? Масаллин унахц1анонна белхаш д1абахьа бе-зий?**

- Гуттара сабанца куьйгаш дилар.
- Чоьнаш чу мох кхетийтар.
- Пхьаг1аш а, гатнаш а, хи молу крушкаш а, берийн соскаш кхечу берашца ца хийцар.
- Церагаш ц1анйо щёткаш д1ацахьиттор.
- Наь1арш а церан т1емаш а, ловзу а яздо а игрушкаш гуттара ц1ан ян еза.
- Ц1еначу х1аваэхь д1ахьур ду алсам долу белхаш. Цундела дехар ду шайн беран денкхолламе хьаьжжина т1юху бедарш яр.

**Дай а наной гулламаш а, самукъане цхьанакхетарш а хир дуй?**

- Дай а наной гулламаш я кхин долу цхьанакхетараш хила таро хира ю берийн бешан низмаш лардахь, адамаш юккъехь алсам меттиг битар (вовше гергара а болуш цхьана 1аьш берш боцурш), х1оранна къастийна меттиг хила беза, гуламе баьхкинчера ц1е а, телефон номер а д1аязйеш кехат хила деза.

**Оьшург дуьйцуш къамел дан мегар дуй?**

- Унахц1аноллийн низам а лардан деза (юккъехь меттиг битар а, куьйгаш дезинфицировать дар берийн беша чу бохуш, чоьнаш чу мох кхетийтар).

## Светафоро можа бос гойту. Хьалхалера рожехь, унахц1анонна болх лакхар а болуш.

**Муьлха хийцам хила беза можа бос гойтучу рожехь?**

**Баккхийчара шайн бат а, мара а ларор.**

- Баккхийчарна цхьа а къастам боцуш, шаьш берийн беша чу бог1учу заманчохь, низам лардар т1ехь ду.
- Берийн беша белхалошна т1ехь ду сеничохь, юург юъчохь маскнаш лелор. Берашца ловзучу хенахь белхалошна а, я берашна а т1едиллина дац маскнаш лелор. Таро ялахь дика хир ду вуьш бераш долчу чоьнаш чу ца эьхар.

- Берийн бешахь берашна маскнаш лелор т1ехь дац.

  **Махуьлла бераш долу чоьнаш чохь ца лелар**.

- Берашна 1уьналла дийр ду уьш шайн шайна чоьнаш чохь бекъна болуш, амма уьш цхьана тоха тарло, масалла: 1аморан гуламехь а, школан кечам барехь а, мотт 1амочу хенахь а, 1уьранна я делкъалт1аьхьа болчу гулламехь.

**Берийн бешах д1адолар муха хир ду сан беран?**

- Бер далош веанарг чу ван таро ю и бер д1адолалца.

- Бер далош веанарг бераш ловзучу чоьна чохь 1ан мега берийн беша белхалоша шена бакъо еллехь

## Хьалха санна раж унахц1анонна болх лакхар а болуш

**Дай а наной гуллам а, кхин д1адолу цхьанакхетарш.**

- Чохь гуллалахь маскнаш лело еза, нагахь санна шаьш юккъехь алсам меттиг юьтуш яцахь.

- Самукъне гуламаш нагахь санна 1аморан царех пайда хуьлуш бацахь арахь (уьйт1ахь, кертахь) д1абахьа беза.

  Эшарш лакхар, спорт.

- Эшарш лакхар а 1амор а арахь ц1еначу хьваэхь г1оле хир ду.

- Нагахь санна чохь эшарш локхуш а 1амош ялахь, бераш къеззиг хила деза, юьккъехь алсам меттиг бита а беза.

- Дег1 меттах доккхуш беш болу болх арахь ц1еначу х1аваэхь бан беза.



## Светафоран бос мокха, берийн беш Унахц1анонна белхаш ч1аг1баран рожехь болх беш ю.

# Унанц1анонна белхаш ч1аг1баран раж

**Муьлха совбаккхаран белхаш бан беза светафоро мокха бос гайтахь?**

**Бер берийн беша схьадало я д1адуьгу хан.**

- Бераш коьртачу не1арехь, берийн бешан белхалочуьнга схьадалар я схьаэцар.
- Берийн беша чу ван магош дац, нагахь санна и бер жим далахь я берийн бешах д1адолаз дацахь бен т1аккха а берийн бешан белхалошкара пурба хила а деза.

**Бераш ловзучу чоьнаш чохь вовшех къастор.**

- Бераш декъа деза кегийчу тобанашка, гуламаш хила ца беза.

**Эшараш лакхар а, дег1 меттах доккху белхаш.**

- Дег1 меттах доккху белхаш а, эшараш лакхар ишта дукха саде1ар долу белхаш арахь ц1еначу х1аваэхь дан деза.

**Дайшца а наношца а къамелехь д1ахьуш долу белхаш.**

- Телефончухул, компьютерчухул масала: « Кидс Фокс», дан деза.

**Дай а нанойн самукъане гуламаш.**

- И тайпана гуламаш бан йиг яц, парг1ат зама яллалц д1ататта беза.



## Светафоро ц1ен бос гойту.

**Муьлха совбаккхаран болх бан беза света-форо ц1ен бос гайтахь?**

**Яц йина раж.**

- Берийн беша бер дало мегар ду шайн ц1ахь 1цналла дан таро йоцуш долчу дайша а наноша.
- Дай а наной болх муьлхачу кепехь балахь а башхалла яц масала: ц1ахь бан безаш балахь а, бер берийн беша схьадало мегар ду, белха урхаллин хьаькимер зорба а доцуш.
- Ишта шайн дег1аца з1аь1апло йолу бераш а дало мегар ду.

**Бераш ловзаран чоьнаш чохь къастор.**

- Берашна 1уналла дийр ду уьша жимачу тоба-нашка декъа а д1екъна.

Яц йина раж, унахц1анонна ч1аг1баран белхаш

**Коьрта а т1аьххьара бераш берийн бешахь доккху шо.**

- Берийн коьрта а т1аьххьарлера берийн бешар шарчохь кхун х1оттинчу хьолехь ц1ахь 1ан таро ю.



# Цамгаран х1о гучуделлехь х1ун дан деза?



**Баккхийнаш а бераш лардаран шайн доьзаллашкахь а берийн бешахь цамгаран х1о юхатохаран белхаш д1а бахьа беза, цун т1ехь г1о до Могшаллийн урхалонна белхалоша бечу балхо а.**

- Нагахь санна берийн бешахь беран 37,9 дагар хилахь а, са де1ар хала далахь а, къурд бар хала далахь а, гай а я чо лозуш и бер далахь, шуьга дайшка а наношка а хаам беш телефон тухар ю берийн бешан белхалоша, дехар ду и бер д1адига дахкар а и лоьран т1е дигина лор хьажийтар а. Шу т1еккхаччалца шун бер совчохь шен уллехь шега хьожуш берийн беша цхьаъ белхало а йолуш кхечу берех д1акъастор ду. Цу ханчохь бир а бу Могшаллийн урхалонга а хаам хилларг хоуьйтуш.
- Нагахь санна ц1ахь шайн беран лакхахь йийцина йолу билгалонаш гучу йовлахь, дехар ду лоьран т1е дигина цу бере лор хьажийтар а цо бакъо елчи бен и бер берийн беша а ца далор.





## Берашна х1ун оьшу?

- Къамел де шайн бераца, муха хила тарло берийн бешахь т1ейог1учу хенахь хьал. Хилла я хир болчу хийцамех лаьцна хаамаш д1абовзийта шайн берашна уьш кхетар долчу аг1ор.
- Шайн берийн лазамашка а, цар дечу хаттарашка а, церан болчу сингаттамашка ладог1а. Бакъдериг а дуьйцуш и бер кхета а деш жоп дала а хьовса цунна.
- Берийн бешан белхалошца з1ене довла нсгахь санна шайна г1о а накъосталла а эшахь.

  Шун г1онца хьовсар дув ай цхьане вайн берийн могшалла ларян, берийн бешахь хьалха санна самукъне ловзаран а 1аморан а раж д1ах1отта ян а.

Impressum: Land Niederösterreich, vertreten durch das Amt der NÖ Landesregierung, Abteilung Schulen und Kindergärten, Landhausplatz 1, 3109 St. Pölten
Version: August 2020 | Aktualisierungen und Übersetzungen abrufbar unter noe.gv.at/kindergarten
Grafik: thkdesign.at
Zeichnungen: Emma und Hanna Zink
Druck: Amt der NÖ Landesregierung, Abteilung Gebäudeverwaltung, Amtsdruckerei